

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosés kreatif hiji jalma ngaliwatan mikir sacara imajinatif anu ngahasilkeun karya boh lisan boh tulisan disebut karya sastra. Ajén estétik karya sastra ditangtukeun ku éstetik luar jeung éstetik jéro (ekstra estetik). Karya sastra nu dibaca ku masarakat mangrupa barang nu pangarangna moal bisa ngaboga-boga deui; pahatu lalis. Karya sastra jadi teks tempat juritna rupaning ideologi éstétis nu nangtukeun hirup-hurip jeung kualitasna, kitu ceuk Derrida dina (Isnendes, 2010, kc.12). Sedengkeun sastra minangka prosés kreatif taya lian ti éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana. Karya nu digelarkeun ngaliwatan medium basa, boh lisan boh tinulis. Éta betusan-betusan rasa anu ahirna jadi sastra teh diwadahan kana wadah anu dianggap merenah ku sastrawanna nya eta dina wangun prosa, puisi, atawa (naskah) drama (Isnendes, 2010, kc.10).

Wangun karya sastra miboga masing-masing ciri anu béda. Dibandingkeun jeung puisi ogé prosa, drama bacaanna henteu bébas. Bacaan drama mah miboga maksud pikeun dipintonkeun jeung anu leuwih pénting dina ngabédakeun drama jeung karya sastra séjén bisa ditilik tina genré sastra anu aya patalina kana ngalaksanakeun tataanna.

Drama nyaéta carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangun paripolah jeung paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun. Anu kaasup garapan sastra dina drama nyaéta naskahna, naskah drama anu jadi dadasar pintonan drama (Sudaryat spk, 2015, kc. 218). Di Tatar Sunda kiwari, anu disebut drama téh nyaéta drama modern, anu umumna ngalakonkeun kalakuan manusa sacara réalistik. Drama modern sok biasa disebut téatér. Dina segi tataanna drama ngahubungkeun antara pangarang jeung kahirupan, pangarang jeung naskah drama, naskah drama jeung aktor, naskah jeung sutradara, pangarang jeung aktor, pangarang jeung sutradara, naskah jeung komunikasi pintonan, aktor jeung aktor, aktor jeung panongton, naskah jeung panongton (Tambajong, 1981, kc. 23).

Dina maca atawa ngaprésiasi karya sastra anu mangrupa novel, puisi, carita pondok atawa drama hakékatna miboga tujuan pikeun ngahibur, ngaprésiasi ogé ngaévaluasi karya-karya sastra anu tokoh rékaanna nampilkeun waték jeung prilaku anu aya patalina jeung kajiwaan tina pangalaman psikologis atawa konflik-konflik anu kaalaman ku manusa dina kahirupan nyata. Ku kituna, pikeun nganalisis karya sastra bisa ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Dina prak-prakanana, sastra jeung psikologi téh miboga peran penting dina kahirupan. Sakumaha anu ditetelakeun Endaswara (dina Minderop, 2016, kc. 2):

“Duanana sarua boga urusan jeung pasualan manusa salaku mahluk individu jeung mahluk sosial anu ngajadikeun pangalaman kahirupan manusa jadi bahan pikeun ditalungtik. Panalungtikan psikologi sastra miboga peran penting ngeunaan pamahaman sastra anu miboga kaonjoyan saperti: kahiji, pentingna psikologi sastra pikeun nganalisis sacara teleb aspék pérwatékan. Kadua, ieu pamarekan bisa méré umpan-balik ka panalungtik ngeunaan masalah perwatékan anu dimékarkeun. Katilu, bisa mantuan pikeun nganalisis karya sastra anu nyoko kana masalah-masalah psikologis”.

Psikologi sastra téh miboga tilu aliran pamikiran nyaéta: 1) *psikoanalisis*, nyirikeun manusa minangka *bentukan* naluri-naluri jeung konflik-konflik kapribadian anu dibalukarkeun antara *id, ego jeung superego*; 2) *behaviorisme*, nyirikeun manusa minangka korban anu fleksibel, pasif, jeung nurut kana stimulus lingkungan; 3) *humanistik* nyaéta gambaran *psikoanalisis* jeung *behaviorisme*. Dina aliran psikologi humanistik, manusa digambarkeun salaku mahluk anu bebas jeung miboga martabat sarta bisa ngungkapkeun jeung ngamekarkeun potensi dina dirina kana lingkungan di sabudeureunna (Koswara dina minderop, 2016, kc. 9).

Dina maluruh karya sastra teu salawasna bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan psikologi sastra, bisa waé matalikeun antara objék panalungtikan jeung pamarekan analisisna. Hal éta jadi tinimbangan dina nangtukeun karya anu baris ditalungtik ku panalungtik. Dumasar kana pedaran di luhur objék anu rék ditalungtik nyaéta naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita ngagunakeun ulikan psikoanalisis Sigmund Freud.

Nurutkeun Freud (dina Ratna, 2013, kc. 63) téori kapribadian umumna dibagi tilu: 1) *id* mangrupa kanyataan subjektif primer, dunia batin saacan individu miboga pangalaman ngeunaan lingkungan luar; 2) ego anu miboga tugas pikeun ngontrol *id*, sedengkeun 3) *super ego* eusina ngeunaan ébréhan haté.

Pikeun nganalisis naskah drama kalayan teleb, salian ti ngagunakeun pamarekan psikologi sastra panalungtik ogé ngagunakeun pamarekan struktural. Numutkeun Nurgiyantoro (2012 kc. 36) kajian struktural mangrupa salah sahiji pamarekan kasastraan anu museur kana kajian hubungan antarunsur pangwangun karya sastra. Numutkeun Isnendes (2010 kc. 91), konsép dasar nu jadi ciri has téori struktural nya éta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur nu otonom nu ngan bisa dicangkem maksud tina hiji gemblengan nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna. Ku kituna, karya sastra bisa dicangkem dumasar kana struktur pangwangunna, leupas tina kasang tukang kasajarahana, niat, jeung kamampuh pangarangna, sarta naon nu bakal kahontal ku pamacana. Dumasar kana wangenan di luhur, unsur-unsur nu ngawangun karya sastra ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita (Stanton, 2012, kc. 20).

Sakumaha anu geus ditétélakeun di luhur, panalungtik milih naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G.Sasmita anu jadi objék dina ieu panalungtikan. Eusi caritana ngeunaan hiji napi anu jadi korban pahilina salah jeung bener hukum dunya. Ieu naskah dipilih sabab; 1) mangrupa naskah pinunjul dina FDDBS ka 17 taun 2016; 2) tokoh utama dina ieu naskah miboga karakter anu kuat; 3) eusi carita loba ngabahas ngeunaan masalah-masalah psikologi; 4) ngandung kritikan ka pamaréntah.

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikeun anu kacatet di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah nyaéta: “Analisis Naskah Drama “Meredong” Karya Rosyid E. Abby saduran tina Naskah Drama “Ke” karya Yudhistira ANM Massardi (Ulukan Semiotik)” nu ditalungtik ku Sanjani taun 2012; Hendi Perdiansyah kungsi nalungtik “ Ajen moral dina Naskah Drama “Cucunguk” Karya Yoseph Iskandar” taun 2007; “Sawangan Psikoanalisis kana Novél “Pangantén” Karya Deden Abdul Aziz nu ditalungtik ku

Andriani taun 2005; “Kajian Psikoanalisis dina Novél “Tempat Balubuh” Karya Aam Amilia nu ditalungtik ku Perdiwan taun 2006.

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra lolobana ngeunaan psikologi dina novel jeung sajak, kitu ogé pamarekan anu digunakeun dina naskah drama can loba anu ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Dumasar kana tinimbangan anu asak, ieu panalungtikan ngeunaan analisis struktur jeung psikologi sastra dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Luyu jeung kasang tukang masalah dina ieu panalungtikan, masalah anu diidentifikasi téh ngeunaan struktur anu ngawengku fisik (téma, alur, tokoh, latar, amanat) eusi (prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, aside, babak, episode, adegan, epilog) sarta psikoanalisis anu ngawengku id, ego, superego. Sangkan teu lega teuing ieu panalungtikan baris diwatesan dina rumusan masalah di handap.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan saperti di handap ieu.

- 1) Kumaha struktur carita (fisik jeung eusi) dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita?
- 2) Kumaha larapna psikologi sastra kana tokoh-tokoh dina naskah “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan pikeun ngaguar aspék psikologi sastra anu nyampak dina naskah drama Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit karya Ayi G. Sasmita.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun.

- 1) Struktur carita anu ngawengku fisik jeung eusi dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.
- 2) Aspék psikologi sastra anu nyampak dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpat tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamekaran élmu.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun bahan référénsi keur nalungtik atawa nganalisis ngeunaan karya sastra husuna sastra Sunda.
- 2) Pikeun masarakat, bisa ngungkarakeun sabab-musabab jeung kasang tukang karya sastra. Sarta aspék psikologi sastra dina nangtukeun fungsi jeung hakékat karya sastra.
- 3) Pikeun nu nalungtik ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan ngeunaan karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab, nyaéta; bab I Bubuka. Dina bab I diguar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II Tatapakan Tiori. Eusina ngeunaan tiori struktural, psikologi, psikologi sastra, drama, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Métofeu panalungtikan. Dina bab III diguar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina bab IV dijéntrékeun analisis struktural jeung psikoanalisis dina naskah drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G Sasmita katut pedaranana.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi anu eusina mangrupa kacindean hasil panalungtikan jeung rékoméndasi ti panyusun.